

Ngidentifikasi Teks Informasi

A. Maca Teks Informasi

Wacanan kang patitis teks informasi ing ngisor iki! Komunitas "Jarum Pentul" Ngajak Supaya Oro Ngonsumsi Penyu

Kelompok Jajaran Relawan Untuk Melestarikan Penyu Bantul" utawa kang biyasa disingkat kanthi sebutan "Jarum Pentul" terus ngupaya njaga kalestarene kewan segara kang diayomi, mligine penyu ing segara kidul Jawa. Kewan penyu nganti saiki isih asring diuber lan dicekel dening manungsa. "Upaya kang wis kita tindakake yaiku nganakake sosialisasi tumrap para misaya mina ing tlatah segara kidul Yogyakarta supaya ora nyekel lan mangan penyu," ngendikane Ketua Relawan Jarum Pentul, Ferry Munandar, Minggu, 1 Maret 2015.

Penyu kudu dijaga kalestarene supaya ora punah, amarga saiki penyu cocohe tansaya sethithik. "Yen ing tlatah Bantul, misaya mina wis ora ana maneh kang mancing penyu kanggo dipangan dhewe utawa disuguhake marang para dhayah," ngendikane Mas Ferry. Misaya mina kang isih asring nyekel penyu yaiku misaya mina ing tlatah Gunung Kidul, Yogyakarta. Ana rong panggonan kang dadi habitat penyu, yaiku habitat kanggo ngendhog lan habitat kanggo mangan. Ing Bantul luwih potensi minangka habitat kanggo ngendhog, dene ing Gunung Kidul luwih potensi minangka habitat kanggo mangan amarga ing segara kasebut akeh suket segara lan ubur-ubur cilik. Mula, ing segara tlatah Gunung Kidul luwih potens minangka habitat penyu kanggo mangan. Bab kasebut kang uga ndadekake penyu luwih gampang dicekel ing segara Gunung Kidul, amarga ing kono para penyu padha golek pangan.

Kepala Seksi Konservasi Balai Konservasi Sumber Daya Alam (BKSDA) Yogyakarta, Titik Sudaryanti, ngendikan manawa kesadharan misaya mina utawa masyarakat ing pesisir segara kidul Yogyakarta isih kurang tumrap kalestarene kewan segara kang diayomi yaiku penyu. Utamane masyarakat kang ana ing tlatah-tlatah padesan. "Sengaja apa ora, nganti saiki isih ana para misaya mina utawa masyarakat kang nyekel penyu kanthi cara dipancing apadene dijaring," mangkono pangendikone Bu Titik.

Isih akeh masyarakat ing sadawane segara kidul durung nyadhari tumrap kalestarene kewan kang diayomi kasebut. Manut Bu Titik Sudaryanti, kahanan kang kaya mangkono nganti saiki isih dadi PR kanggo kita kabeh. Kita kudu menehi pangerten marang masyarakat manawa penyu minangka kewan segara kang diayomi saengga ora oleh diuber, dicekel, lan dipangan. "Kegiatan sosialisasi ngenani upaya kanggo ngayomi kewan penyu pancen prelu ditindakake, mligine ing tlatah-tlatah padesan. Nanging ing sawetara tlatah tartamtu kayata Segara Samas, Guwa Cemara, utawa tlatah ing sacedhake Kulon Progo tingkat kesadharan masyarakat tumrap kalestarene kewan penyu wis apik. Ing tlatah kasebut ana sawijine kelompok kang pancen fokus njaga kalestarene penyu," mangkono pangendikane Bu Titik.

B. Mangsuli Pitakon

Gladhi Kompetensi 3

1. Apa kang ditindakake komunitas "Jarum Pentul" kanggo njaga kalestarene penyu?
2. Geneya penyu kudu dijaga kalestarene?
3. Pira cacah habitat penyu? Sebutna!
4. Geneya penyu ora oleh dipangan?
5. Ing tlatah ngendi kang tingkat kesadharan masyarakat tumrap kalestarene kewan penyu apik?